**Spring 2017**

**Wolof 403**

**Ayubés 1**

**Njàngale ak Yar ci Senegaal**



Maa ngi tudd Abdu Faal. Taalibé laa ci Fakilté Leetar ci daara bu kawe bu Dakar ci Senegaal. Bés bu nekk, damay dem ci iniwersité bi ci juróóm-ñetti waxtu ci suba. Bu maa paree jàng ci kalaas yi, damay dem ci këru-tééré gu mag gi. At mii, damay jàng ci mbiru kàllaamay waa Amerik : Angale ak Español. Kalaas bu ma gëna bëgg nekk na kalaasu Angale . Kalaasu Español bi dafa saf waaye jàngalekat bi dafa baax. Itam, bëgg naa kalaasu Farañse bi ndax dafa yomb te dafa am solo.

************

Am naa benn xarit bu tudd Bakar Jóób. Moom Amerik la jógé te mu ngi jàng Angale dippi xale. Moom tamit, ci Fakilté Leetar la nekk. Jàng na tamit démbu Amerik ak Angalteer. Bakar nit ku xobe la. Dafay dem jàngi iniwersité bés bu nekk diggënté

suba ba guddi. Dafay làkk Angale ak Español bu baaxa baax. Dafay jàng ba xaaju guddi.

**A) Lan nga xam ci mbiru Abdu Faal**

Tur:……………………………………………………………………………………………………

Iniwersité: ……………………………………………………………………………………………

Kalaas: ………………………………………………………………………………………………

Kalaas bu ko gënal: ……………………………………………………………………………

Kalaas bu gëna saf: ……………………………………………………………………………

Kalaas bi gëna yomb: …………………………………………………………………………

**B) Tontul laaj yi ci mbiru Bakar**

1) Ndax Bakar Amerik la jógé? ……………………………………………………………

2) Ndax Bakar dafay làkk Angale? …………………………………………………………

3) Lan la Bakar di jàng? …………………………………………………………………

4) Ban waxtu lay dem iniwersité? …………………………………………………………

5) Fan lay jàngi bés bu nekk? ……………………………………………………………

**C) Ci ban kalaas nga soxla ……. ?**

| | |
|---|---|
| 1) Baatukaay | a) Cosaan |
| 2) Dàkkantalu waññi | b) Xam-xamu wérgi yaram |
| 3) Garab | c) Xam-Xamu xel |
| 4) Karl Marx wala Freud | d) Xam-xamu koom-koom |
| 5) The Civil War | e) Xam-xamu kàllaama (wala làkk) |

**D) Tontul laaj yi:**

1) Yan kalaas ngay jl at mi? ...........................................................................................

2) Ñaata kalaas ngay jël? ...........................................................................................................

3) Ban kalaas moo la gënal? ..........................................................................................................

4) Ndax kalaasu Wolof bi dafa saf? ...........................................................................................

5) Ndax yaa ngi liggéèy ak ordinaatëë?................................................................................

6) Ndax dangay dem ci néégu gëstu bi? ..............................................................................

7) Ndax dangay am ay not yu baax? ....................................................................................

8) Ndax dangay am ay dëwaar yu bari? ..............................................................................

**E) Demal ci Internet bi te gëstu ci mbiru Iniwersité Dakar ak Iniwersite St-Louis (CI KANAM)**

**Li taalibé yi di def ci njeextel ayubés bi (wiken bi):**

Taalibé yi dañuy waxtaan ci lekkukaay yi.

Dañuy noppalu ci fotóóy yi.

Dañuy fecc ci baal yi.

Dañuy doxantu ci tefes gi.

Dañuy  dawal welo.

**F) Tànnal bu ci gëna baax**

1) Taalibé yi dañuy ......................... ci këru tééré gi

a) naan kafe

b) jàng

c) waxtaan

2) Taalibé yi dañuy jënd ay tééré ci ......................................

a) butigu tééré

b) këru tééré

c) séén néég

3) Dañuy noppalu ci ..................................................

a) këru tééré gi

b) ci iniwersité bi

c) ci kër gi

4) Dañuy dawal welo ..........................................................

a) ci lekkukaay bi

b) dimaas bu nekk

c) ayubés bi yépp

**Ci butigu tééré bi:**

Taalibé : Na nga def! Dama soxlawoon baatukaayu Wolof.

Jaaykat: Bu tuuti wala bu mag?

Taalibé: Bu mag. Soxla naa ko ngir sama kalaasu Wolof.

Jaaykat: Baatukaay bi baax na lool.

Taalibe: Ñaata lay jaar?

Jaaykat: Téémééri dërëm.

**G) Tontul ci Angale:**

1) Taalibé yi fan lañuy defee sééni tabaxum yaram?..................................................

2) Taalibe yi fan lañuy jelee seeni kalasu kallama? ..................................................

3) Taalibe yi fan lañuy jendee seeni teere? ..................................................................

4) Taalibé yi fan lañuy jànge xam-xamu wergu yaram? ..............................................

5) Taalibé yi fan lañuy jànge? ..................................................

6) Taalibé yi fan lañuy lekke? ..................................................

**Grammar**

| | |
|---|---|
| Jàng Angale moo ma gënal. | Jàng Farañse gënaluma. |
| I prefer to study English | I don't prefer to study French |

Bindal ay baat ba mel ni misaal mi:

1) fecc *Samba* …………………………………………………………………..

2) dawal welo…………………………………………………………………..

3) waxtaan ci telefon bi………………………………………………………

4) déglu Rock…………………………………………………………………..

5) liggéèy dimaas…………………………………………………………………..

6) doxantu ci tefes gi…………………………………………………………………

7) lekk ci pasyoŋ bi…………………………………………………………………..

8) liggéèy ci këru tééré gi…………………………………………………………

9) liggéèy ci wiken bi…………………………………………………………………..

10) nelaw ci ngoon gi…………………………………………………………………..

## Dund gi ci Iniwersité bi

Ci Senegaal ak ci Amerik tamit, am na ay iniwersité yu bari te wuute: yu mag ak yu tuuti, pibilik ak piriwé, yu yàgg ak yu bees. Waaye gis-gis yi ci mbiru iniwersité dañu wuute. Ci misaal, ci Senegaal, taalibé yépp dunduñu ak ci iniwersité bi. Ci li ëpp, taalibé yi ak sééni waakër ñoo dund wala duñu sore iniwersité bi wala ñu dëkk ci biir iniwersité bi. Waaye amul néég yu doy ci iniwersité Dakar. Moo tax taalibé yu bari ak sééni waakër ñoo dëkk.

Li ëpp ci taalibé yi amuñu oto. Dañuy jël biis wala kaar-rapit. Taalibé yu bari dañuy liggééy di jàngaale. Taalibé yi dañuy tàggat sééni yaram waaye melul ni ci Amerik. Leneen li wuute ci diggënté taalibé yi ci Amerik ak ci Senegaal mooy taalibé yi ci Senegal dañuy ñaxtu , di gerew, di kaas ci mbiru politig ak séén dund ci biir iniwersité. Tamit taalib yi bëgg nañu baali, déglu misik, waxtaan ak sééni xarit ak naan attaaya.